bu kenn ci yéen laal sakaraam ci ndayjooram fekk ma ngay saw, te bu demee duus ba noppi bu mu fompoo ndayjooram, te bu mu noyyi ci ndab li

Jële nañu ci Abuu Xataadata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «bu kenn ci yéen laal sakaraam ci ndayjooram fekk ma ngay saw, te bu demee duus ba noppi bu mu fompoo ndayjooram, te bu mu noyyi ci ndab li».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- leeral na yenni teggin yi; ba tax mu tere góor di laa sakaraam ci ndayjooram fekk ma ngay saw, ak ñu dindi sobe ci ginnaaw walla ci kanam ci loxo ndayjoor; ndaxte ndayjoor dañu koo waajal ngir yu tedd yi, Kem ni mu teree nit ki di noyyi ci ndab li muy naane.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3079